

**Mesaj**  
**Dieter F. Uchtdorf**  
Dezyèm Konseye nan  
Premye Prezidans lan



# Mache anwon

**È**ske nou pa janm tande ansyen pwovèb ki di moun ki pèdi gen tandans mache anwon an? Jan L. Souman, yon psikològ Alman, te vle pwouve dapre lasyans ke sete verite. Li te mennen moun pou patisipe nan yon eksperyans nan yon gran zòn forè ak nan dezè Sahara a epi l te itilize yon sistèm ki gen pozisyon global pou l swiv tras wout yo. Yo pa t gen konpa ni okenn lòt enstriman. Enstriksyon yo te resevwa yo te senp: mache nan yon liy dwat nan direksyon ki te endike a.

Nan apre, Dr. Souman te dekri sa k te pase. “[Kèlke] nan pami yo te mache nan yon jounen plen nyaj, pandan solèy la te kache dèyè nyaj yo [epi pa t gen okenn pwen referans pou yo te wè]. . . . [Yo] te mache anwon, [plizyè] nan yo te refè menm chemen yo te fè a plizyè fwa san yo pa t menm remake sa.” Gen lòt patisipan ki te mache pandan solèy la te klere, avèk pwen referans pou yo te wè. “Moun sa yo . . . te swiv yon chemen prèske pafètman dwat.”<sup>1</sup>

Gen lòt moun ki te refè etid sa a avèk lòt kalite metòd diferan.<sup>2</sup> Yo tout te abouti nan menm rezilta yo.

San pwen referans vizib pou gide yo, kretyen vivan gen tandans mache anwon.

## **Pwen referans ekriti yo**

San pwen referans espirityèl, limanite ap pèdi wout yo tou. San pawòl Bondye a, n ap mache anwon.

Antanke moun endividyèl e antanke sosyete, nou wè bagay sa a repete souvan nan chak dispansasyon depi nan kòmansman tan yo. Lè nou dekonekte avèk pawòl Bondye, nou gen tandans pou nou pèdi.

San dout, se te poutèt rezon sa Senyè a te kòmande Leyi pou l te voye pitit gason l yo retounen Jerizalèm pou yo t al chèche plak eren yo. Bondye te konnen desandan Leyi yo ta pral bezwen bon direksyon—pwen referans—fyab ki t apral tounen yon gid pou yo te itilize pou detèmine si yo te sou bon wout la.

Ekriti yo se pawòl Bondye. Yo se pwen referans Bondye bay pou montre nou wout nou dwe swiv la pou nou kapab pwoche pi pre Sovè nou an epi pou abouti nan objektif diy nou yo.

## **Pwen referans Konferans Jeneral yo**

Enstriksyon yo bay nan konferans jeneral yo se yon lòt pwen referans ki ka ede nou konnen ke nou sou wout la.

Pafwa m konn mande tèt mwen: “Èske m koute pawòl gason yo ak fi yo ki te pale nan dènye konferans jeneral Legliz la te di yo? Èske m li e reli pawòl yo? Èske m medite sou yo e aplike yo nan lavi m? Oubyen èske m jis te kontan tande bèl diskou yo epi m neglije aplike mesaj enspire yo nan lavi pèsonèl mwen?”

Petèt lè nou t ap koute yo oubyen li yo, nou te pran kèk ti nòt. Petèt nou te pran angajman pou n te fè kèk

bagay pi byen oubyen nan fason diferan. Jis panse sou mesaj dènve konferans jeneral yo. Anpil nan yo te ankouraje nou pou n fòtifwe fanmi nou ak amelyore maryaj nou. *Liahona* konferans jeneral sa a mete aksan sou valè etènèl sa yo tou, ak sou anpil rekòmandasyon pratik pou beni lavi nou.

Èske nou note ak aplike konsèy enpòtan sa yo? Èske nou rekonèt pwen referans reyèl ak valab sa yo pou nou chèche aplike yo?

### Medikaman pou moun ki pèdi

Pwen referans espiyèl yo endispansab pou kenbe nou sou chemen dwat ki etwat la. Yo bay direksyon klè sou wout nou dwe vwayaje a—men sèlman si nou rekonèt yo epi mache nan direksyon yo.

Si nou refize pwen referans sa yo dirije nou, yo vin san sans, yo tounen dekorasyon, ki pa gen okenn lòt objektif eksepte pou brize aspè monotòn orizon an.

Li pa sifi pou nou sèlman kite ensten nou gide nou.

Li pa sifi pou nou gen pi bon entansyon yo.

Sa pap ede nou pou nou repoze sèlman sou sans natirèl nou.

Menm lè nou panse n ap swiv yon chemen espiyèl dwat, san vrè pwen referans pou gide nou—san gidans Lespri a—nou gen tandans pèdi.

Se poutèt sa, annou louvri je nou pou nou wè pwen referans Bondye ki plen jenewozite nou an prepare pou pitit Li yo. Annou li, koute ak aplike pawòl Bondye a. Annou priye avèk entansyon reyèl epi koute e swiv ensirasyon Lespri a ba nou yo. Lè nou fin rekonèt pwen referans divin yo Papa ki renmen nou an ki nan Syèl la ba nou yo, nou dwe viv selon yo menm. Nou dwe fè koreksyon regilyèman tou pandan n ap oryante nou nan direksyon gid espiyèl sa yo.

Nan fason sa a, nou pap janm vire anwon men na va mache avèk konfyans ak asirans ale nan gwo benediksyon etènèl sa a ki se dwa nesans tout moun k ap mache nan chemen disip Jezikri a ki dwat ak etwat la.

### NÒT

1. Gade nan Jan L. Souman and others, "Walking in Circles," *Current Biology* 19 (Sept. 29, 2009), 1538, [cell.com/current-biology/issue?pii=S0960-9822\(09\)X0019-9](http://cell.com/current-biology/issue?pii=S0960-9822(09)X0019-9).
2. Kòm egzanp, gade nan, "A Mystery: Why Can't We Walk Straight?" [npr.org/blogs/krulwich/2011/06/01/131050832/a-mystery-why-cant-we-walk-straight](http://npr.org/blogs/krulwich/2011/06/01/131050832/a-mystery-why-cant-we-walk-straight).

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Lè w ap prepare w pou anseye mesaj sa a, ou ka chèche nan ekriti yo pou ou jwenn egzanp moun ki te resevwa direksyon nan pwen referans espiyèl yo oswa moun ki te vire anwon. Ou gen dwa kòmanse etid ou avèk ekriti sa yo: Nombre 14:26–33; 1 Nefi 16:28–29; Alma 37:38–47. Si w santi w enspire pou fè sa, ou ka pataje ide ou jwenn nan egzanp sa yo avèk moun w ap anseye yo. Mande yo kisa nou ka aprann nan istwa sa yo.

## JÈN YO

### Pwen referans pou ou menm

**P**rezidan Uchtdorf dekri konferans jeneral yo ak ekriti yo kòm pwen referans pou ede nou evite pou nou pa pèdi wout espiyèl nou. Medite sou lòt pwen referans espiyèl ki te enfluyans ak gide lavi ou. Ekri eksperyans ou nan journal ou. Sitasyon sa yo Prezidan Thomas S. Monson bay kapab ede ou:

Benediksyon patriyikal ou a ap gide w atravè lannuit fènwa a. L ap gide w atravè danje lavi yo. . . . Benediksyon w la se pa pou w pliyè l byen pwòp epi sere l. Li pa la pou w ankadre l oubyen pibliye l. Men, se pou ou li l. Se pou ou renmen l. Se pou ou swiv li."

"Your Patriarchal Blessing: A Liahona of Light," *Ensign*, Nov. 1986, 66.

"Papa nou ki nan Syèl la pat voye nou nan vwayaj etènèl nou an san l pa bay mwayen pou nou resevwa gidans nan men Li pou asire ke nou retounen an sekirite. M ap pale konsènan lapriyè. M ap pale konsènan komunikasyon nou resevwa nan men ti vwa dousman ki piti a."

"The Race of Life," *Liahona*, Me 2012, 92.

## TIMOUN

### Mwen ka jwenn wout mwen

**P**rezidan Uchtdorf di konsa nou bezwen swiv pwen referans espiyèl yo paske y ap ede nou chwazi bon bagay epi pou nou vin pi pre Sovè a. Kèk nan pwen referans sa yo se lapriyè, ekriti yo, konferans jeneral, ak *Liahona* a.

Avèk fanmi ou, li yon diskou nan dènye konferans jeneral la. Kisa moun ki t ap pale a sijere pou nou fè pou n rete sou chemen dwat la? Fikse objektif avèk fanmi ou pou aplike sa ou aprann yo.



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Lajwa nan istwa famiyal (jeneyaloji)

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi, si sa apwopriye, diskite l avèk sè w ap vizite yo.*

*Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifye sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou. Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

**E**ldè Russell M. Nelson nan Kolèj Douz Apot yo te anseye ke Lespri Eli a se “yon manifestasyon Sentespri a k ap rann temwayaj sou nati divin fanmi genyen.”<sup>1</sup>

Antanke manm Legliz retabli Kris la, nou gen responsablite dapre alyans nou fè alyans pou nou chèche zansèt nou yo epi fè òdonans sali levanjil la pou yo. San nou menm “yo pa ka vin pafè” (Ebre 11:40), “ni tou nou pa kapab vin pafè san mò nou yo” (D&A 128:15).

Travay istwa famiyal (jeneyaloji) prepare nou pou benediksyon lavi etènèl yo e ede nou grandi lafwa nou ak jistis pèsònèl nou. Istwa famiyal se yon pati esansyèl nan misyon Legliz la e li rann travay sali ak egzaltasyon posib pou tout moun posib.

Prezidan Boyd K. Packer, Prezidan Kolèj Douz Apot yo te di: “Lè nou fè rechèch sou pwòp linje pa nou, nou vin enterese nan plis bagay pase non moun yo . . . Enterè nou vire kè nou sou papa zansèt nou yo—nou chèche jwenn yo ak konnen yo ak sèvi yo.”<sup>2</sup>

## Nan Ekriti yo

Malachi 4:5–6; 1 Korentyen 15:29; D&A 124:28–36; 128:15

## Nan Istwa Nou

Pwofèt Joseph Smith te anseye:

“Pi gwo responsablite Bondye ba nou nan mond sa a se chèche manm fanmi nou ki te mouri yo.”<sup>3</sup>

Nou ka sèvi pa pwokirasyon nan tanp lan pou zansèt nou ki te mouri yo pou akonpli òdonans nesèsè yo pou yo.

Sally Randall nan Novou, Ilinwa, ki te gen pitit gason 14 an li ki te mouri, te jwenn gwo rekonfò nan pwomès fanmi etènèl la. Apre mari l te fin batize pou pitit gason yo a, li te ekri fanmi li: “Ala yon bèl bagay sa ye dèske . . . nou kapab batize pou tout [zansèt] nou ki mouri yo pou nou sove tout jenerasyon lwen otan nou kapab jwenn enfòmasyon sou yo.” Apresa li te mande fanmi l yo pou yo voye enfòmasyon sou zansèt yo, li te di: “Mwen gen entansyon fè tout sa m kapab pou sove [fanmi nou].”<sup>4</sup>

## NÒT

1. Russell M. Nelson, “A New Harvest Time,” *Liahona*, Jiyè 1998, 34.
2. Boyd K. Packer, “Your Family History: Getting Started,” *Liahona*, Nov. 2011, 17.
3. *Enseignements des présidents de l’église: Joseph Smith* (2007), 475.
4. Gade *Filles dans mon royaume: Le travail et l’oeuvre de la Société de Secours* (2011), 20–21.

## Kisa M Ka Fè?

1. Kijan m ka ede sè m ap vizite yo fè istwa famiyal (jeneyaloji)?
2. Èske m ekri istwa pèsònèl mwen?

© 2013 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon Anglè: 6/12. Apwobasyon tradiksyon: 6/12. Tradiksyon *Visiting Teaching Message*, June 2013. Haitian Creole. 10666 036